# УЛМАНБЕТ ХОЖАНАЗАРОВ ЛИРИКАСЫНЫҢ ЖАНРЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**А.Досымбетова** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** лирика, лирик жанрлар, фалсафий лирика, публицистик лирика**,** пейзаж лирикаси.

**Ключевые слова:** лирика, лирические жанры, жанровые исследования, любовная лирика, философско-медитативная лирика, публицистическая лирика.

**Key words:** lyric, lyric genres, genre studies, love lyric, philosophical-meditative lyric, publicistic lyric.

XX әсирдиң 60-жылларынан баслап қарақалпақ лирикасы айырықша раўажланыў бағдарына ийе болып, ҳәр бир шайырдың өз дөретиўшилик стили айқын сезиле баслады. Поэзияға бир катар талант ийелери кирип келип, жанрлық ҳәм көркемлик изленислер алып барды. Усының нәтийжесинде қарақалпақ лирикасы инсанның кеўил дүньясы қубылысларын көркем сәўлелендириўге, руўхый кеширмелердиң ең терең ҳәм кескин моментлерин бериўге, ең баслысы қурғақ сөзге айланып баратырған қосыққа «жан бериўге» бет бура баслады.

Поэзияның усы дәўирдеги раўажланыў барысына үлес қосқан, өз дөретиўшилик жолына, өз айтар сөзине ийе шайыр сыпатында айрықша таныла алған талант ийелериниң бири У.Хожаназаров болып есапланады. Шайыр лирикасы инсанның кеўил дүньясын тереңирек ашыўға, улыўма адамзатлық сезим-туйғыларды көркем сәўлелендириўге қаратылған. Онда лирикалық қаҳарманның ишки сезимлери, руўхый ҳалатлары, баҳасы тийкарында өмир философиясы, жаслықтың татлы демлери, тәбият гөззаллығы сәўлеленеди.

Биз бул мақалада шайырдың жанрлық изленислерин үйрениўди мақул көрдик. У.Хожаназаров дөретиўшилигиниң арнаўлы түрде илимий-изертлеў объектине айланылмағанлығы бизиң мақаламыз ушын алған темамыздың актуаллығын белгилейди.

Лирикада инсанның жәмийеттеги орны, қоршаған орталық пенен қарым-қатнасы, жәмийетлик-сиясий қубылысларға баҳасы оның руўхый дүньясындағы қубылыслар, сезим-туйғылары тийкарында сәўлеленеди. Усылайынша инсан, тәбият ҳәм жәмийет арасындағы қарым-қатнас көринислеринде жүзеге келген сезим ҳәм ой-толғанысларды шайыр лириканың түрли жанрларына қатнаслы көркем сәўлелендиреди.

Биз У.Хожаназаров лирикасының жанрлық өзгешеликлерин оның муҳаббат, философиялық-медитативлик ҳәм публицистикалық лирикасы тийкарында үйрениўди мақсет етип қойдық. Себеби усы жанрдағы қосықлар шайыр поэзиясында басым орынды ийелейди. Қарақалпақ поэзиясында лириканың жанрлық түрлериниң раўажланыў өзгешеликлери илимпазлар тәрепинен белгили дәрежеде үйренилип келмекте [1].

Муҳаббат қосықларында лирикалық қаҳарманның шын кеўилден сүйиўшилик сезимлери бериледи. Шайырдың «Солдат хаты», «Түнги қосық», «Бирге ойнап», «Ырғалады бир түп қара тал», «Ушырасыў», «Онда бәҳәр еди», «Альбомға» ҳәм басқа да муҳаббат қосықлары бар. Шайырдың муҳаббат қосықларында көбинесе, жаслықтағы ышқы-муҳаббатты аңсаў, сағыныў сезимлери бериледи ҳәм бул сезимлерди тәбият көринислери арқалы сәўлелендиреди.

«Онда бәҳәр еди...» қосығында лирикалық қаҳарманның еки дәўирдеги – жаслықтағы ҳәм арадан бираз жыллар өткеннен кейинги руўхый кеширмелери, ашықлық сезимлери бериледи. (Онда бәҳәр еди, онда жаз еди… Бизлер дийдарластық еки мәртебе).

Дәслепки, яғный жаслық ўақыттағы ушырасыўы бәҳәр пасылына байланыстырылған. Бунда көркем ўақытты аңлатыў ушын шайыр өткен мәҳәлди аңлатыўшы «еди» көмекши фейилине поэтикалық ўазыйпа жүклейди.

Сондай бәҳәр едиң сен ырасында,
Сол бир шалғын суўлар… сол бир ески жол
Әтирап дөнер еди көкли жасылға,
Бирақ сениң менен гөззал еди ол [5:50].

Әлбетте, лирикалық қаҳарманның жаслық ўақыттағы сезим-туйғылары тасқынлы ҳәм сулыў. Оны шайыр қыздың гөззаллығы менен бәҳәрдеги көкли-жасылға дөнген тәбият көринислери арқалы сәўлелендиреди. Бул арқалы лирикалық қаҳарманның жаслықты, жаслықтағы муҳаббатты аңсаў, сағыныў сезимлери тереңирек аңласылады.

Қосықта лирикалық қаҳарманның екинши мәртебе ушырасыўы, яғный арадан бираз жыллар өтип кеткеннен соңғы ушырасыўы жаз пасылына байланыстырып бериледи. («Өтти талай жыллар тағы ушырастық, Ағын суў бойында, жаздың айында»). Төмендеги қатарларда лирикалық қаҳарманның сүйиклисин қайта ушыратқандағы кеўил кейпияты сәўлеленген.

Сен ҳәм сезип турдың, ҳәммеси заңлы,
Жаслық сулыў еди, жаслық шоқ еди,
Бирақ қоңыр гүздиң қуяшы яңлы,
Сөзимиз жайдары қызғын жоқ еди [5:51]

Бул қатарлардан аңласылып турғанындай, лирикалық қаҳарман сүйиклисин қайта ушыратқанда жаслықтағыдай тасқынлы сезимлердиң қурсаўына түспейди, турмыс заңларына көнген («Сен ҳәм сезип турдың, ҳәммеси заңлы»), сезимлери жаслықтағыдай қызғынлы емес (Жаслық сулыў еди, жаслық шоқ еди). Себеби ашықлық сезимлери, ҳалласлаған кеўил туйғылары өмирдиң гөззал пасылы болған жаслыққа жарасымлы екен. Шайыр «еди» өткен мәҳәл формасы арқалы сулыў жаслық жыллары менен бирге шоқ сезимлердиң де өтип кеткенлигин көркемлеп береди. Лирикалық қаҳарманның сүйиклисин қайта ушыратқан ўақыттағы руўхый ҳалаты «қоңыр гүздиң қуяшы яңлы» деген қатарда өзиниң образлы көринисин табады. Қосықтың композициясы еки түрли көркем ўақытқа қурылған болып, оған байланыслы лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелери бәҳәр ҳәм жаз пасыллары арқалы сәўлеленген.

У.Хожаназаров лирикасының басым көпшилигин оның дүнья, өмир қубылыслары ҳаққындағы ой-толғанысларына қурылған қосықлары қурайды. «Әрман», «Жыллар», «Таўыс», «Иймек сызықлар» ҳәм басқа қосықларында мине, усындай мазмунды сәўлелендиреди.

Инсан пешанасы сәл-пәл дөңеслеў,

Бирақ сызықлары дүп-дүзиў оның,
Қара алақан да тегис емеслеў,
Дүп-дүзиў сызылған
«ығбалын,
«жолын».
Бәрҳа дүзиў емес жүрер жолымыз,
Бәрҳа дүзиў емес сөйлер сөзимиз.
Бир пәс тутастырып көрсек оны биз
Ҳаўлығып кетерек ҳәтте өзимиз [5:62].

«Иймек сызықлар» деп аталған қосығында өмир ҳаққындағы философиялық пикирлеў көркем сәўлеленген. Лирикалық қаҳарманның өмир қубылыслары, инсанның өмир жолы ҳаққындағы ой-толғанyслары адамның пешанасындағы ҳәм алақанындағы сызықлар менен байланыстырып берилген. Шайырдың шеберлиги де усындай кишкене детальлар, ең бир майда нәрселерден де үлкен өмирди айқын көз алдыңа елеслетип, өмир диалектикасын объектив сәўлелендириўге байланыслы келип шығады. Қосықта кишкене, елеспесиз нәрсе пешанадағы ҳәм алақандағы сызықларды адамлар өмир жолы, олардың ҳәрекетлери менен салыстырып, олардың туўры яки туўры емеслиги ҳаққында поэтикалық пикирлейди.

Шайырдың «Әпиўайылық» қосығы да терең интеллектуал пикирлеўге қурылған. Қосықта лирикалық қаҳарманның Тюмень мийманханасында ярым ақшам да жалғыз отырып кеширген ой-кеширмелери, кеўил күйи бериледи. Бул қосықта шайырдың жаңаша көркем пикирлеўи, поэтикалық жаңалығы көзге тасланады. Себеби, поэзияда өмирдеги ҳәр қыйлы қубылыслар туўралы қосықлар дөретилип келмекте, ал әпиўайылық ҳаққындағы қосық жоқ, яки аз болса керек. Биз онша ескере бермейтуғын, бирақ жәмийетлик-мораллық, этикалық өлшемлерде әҳмийетли орын тутатуғын қубылыс әпиўайылық ҳаққындағы мазмун кең жәмийетшиликке ой салады. Шайыр қосықта поэзияның мүмкиншилигин толық аңғарған ҳалда, ўақыт ҳәм кеңислик шегараларын бузып өтип, өз өмириндеги барлық бахытлы мәўритлерди көз алдына елестеди, олардың бәринде әпиўайылықты көреди.

Жайна әпиўайылық
Әзийз анамдай,
Ақлығын ең дәслеп сүйген ўақтағы.
Яки өзим яңлы, кеткен тән алмай–
Биринши муҳаббат,
Биринши қәтем.
Айланып басыма тийген ўақтағы...

Әҳ, сен әпиўайылық,
Жора бол маған!
Бизлер қыяметлик яр дос болайық.
Сөйтип,
Минезлердиң бәрин оңбаған
Қурал-жарақсыз-ақ жаўлап алайық [3:67].

Мине, бул шайырдың дөретиўшиликтеги баслы идеалы, нийети, өз сөзин танытыўға болған умтылыўшылығы. Шайыр өмирдеги барлық гөззал кубылысларда әпиўайылықты көреди, гөззаллық түсинигин әпиўайылықтан бөлип қарамайды. Бул ҳәммемизге таныс турмыс шынлығы, бирақ поэзиядағы жаңаша пикир болып табылады. Лирикалық қаҳарман әпиўайылықты өзиниң ең жақын инсанлары-зайыбы, қызы, анасы, атасы, туңғыш муҳаббаты образларында көреди. Ол өмирде ерискен барлық табысларында әпиўайылықты улығлайды. Инсанлар қәлбинде жарамсыз минез-қулықтың болмаўын, оны әпиўайылық пенен алмасыўын қәлейди. Қосықта лирикалық қаҳарманның ойшаң келбети, ишки руўхый дүньясының дебдиўлери айқын сәўлеленген. Жанландырыў, яғный абстракт түсиникке конкрет жанлы нәрсе сыпатында қатнас жасаў арқалы қосықтың эмоциональлық тәсиршеңлиги күшейтилген.

Шайырдың «Дәрўаза алдында турман қалтырап» қосығында өмир қубылысларының мазмуны өзине тән усылда ашып берилген. Қосықта кишкене сюжет бар. Бунда лирикалық қаҳарман қәўипли шараятта турған дәрўазаман образында бериледи. Дәрўазаманға қарата жәрима тобы тебиледи. Ол жан ҳалатында ҳәрекет етип оны иркип қалады ҳәм ықласбентлериниң шаўқымлы хошамети менен өзине келеди. Қосықта усылайынша футбол ойыны ҳаққында айтылып келеди де, соңғы қатарларда пикир ағымы кескин бағытын өзгертеди, күтилмеген жуўмақ жасалады.

Бетпе-бетке келген топты болмас жиберип,
Қорқаман тек өтеме деп қыйсаңлап келип [3:8].

Қосықтың ақырына келип ой-пикир метафоризацияланған. Адам ушын бетпе-бет келген душпанлық қәўипли емес, оны жеңип өтиў мүмкин, себеби инсан алдындағы душпанға таяр турады, ал ҳийлекерлик, алдаўшылық, сумлық пенен исленген душпанлық, жаманлық ең қәўиплиси. Ол адамға күтпегенде ҳүжим етеди, күтпегенде қәўип туўдырады. Шайырдың жаңалығы сонда, футбол ойыны көринисинен үлкен турмыслық, философиялық ой жуўмағын жасайды.

Шайырдың философиялық-медитативлик лирикасының баслы өзгешелиги бизди қоршаған орталықтағы, әтираптағы елеспесиз қубылысларды, әпиўайы көринислерди сәўлелендирип келип, ой-пикир ағымын кескин өзгертип, күтилмеген ой жуўмағын, философиялық ой-пикирлерди бериўи болып есапланады.

У.Хожаназаров лирикасында публицистикалық қосықлар көпшилик бөлегин қурайды. Оның «Ҳадаллық», «Жалынышлы еди көзлериң», «Кеўил дәптери», «Достыма хат», «Аэропортта», «Обь дәрьясының бойында» ҳәм басқа қосықлары публицистикалық мазмунда жазылған.

Шайырдың «Обь дәрьясы бойында» қосығы лирикалық кеширмелер көлеминде үлкен мазмунды сәўлелендиргенлиги менен өзгешеленеди. Белгили әдебиятшы профессор С.Ахметов шайырдың усы қосығы туўралы төмендегише пикир келтиреди: Оның «Обь дәрьясының бойында» қосығы өз ўақтының өткир проблемасын көтерген шығарма болды. Шайырдың көз алдында кенары қайтқан Әмиў суўы, тартылған Арал турыпты. Туўған жердиң тәғдири шайыр лирикасының баслы лейтмотиви» [2:263]. Қосықта лирикалық қаҳарман Обь дәрьясының бойында турып, еки алабын еки шөлистанлық симирип турған Әмиўдәрьяның тәғдири туўралы тәшўиишли ойларға бериледи. Лирикалық қаҳарман Обь дәрьясының «көгис түсли ғайры нағыстай» сулыўлығына сүйсингени менен оның ой-қыялын «саҳра дебдиўлери» тынышсызландырмақта. Оның тынышсыз руўхый

ҳалаты «Бирақ елеўреген алыс-алысқа, Суўындай шаншылып турыппан бүгин» деген қатарларда айқын сәўлеленген.

О, Сибир дәрьясы, айтайын несин,
Әмиўдиң дебдиўин аңлап көр бүгин.
Анаў шалқар-шалқар суўдың ҳәммесин,
Хәм жасыл тоғайды маған бер бүгин [5:72].

Лирикалық қаҳарман Әмиўдәрьяны айдынында ушан кеме, корабльлер жүзген, океан менен тутасып атырған Сибир дәрьясы менен салыстыра отырып, өз дәрьясының бүгинги келбетинен гүйзелиске түседи. Өзиниң қәўетерли кеширмелерин Обь дәрьясына сырласыў усылында береди. Бул қосықта шайыр үлкемизге экологиялық апатшылық қәўип салып атырғанынан тәшўишке түсип, өз оқыўшыларына қозғаў салып атырғандай сезиледи.

У.Хожаназаровтың шайыршылық психологиясының баслы қәсийетлериниң бири бул – өзин қоршаған дүньяның, ҳәр бир нәрсениң сырларын билиўге қызығыўшылық, дүнья, пүткил әлем кубылысларын тереӊ ойшанлық пенен гүзетиўи ҳәм баҳалаўы болып есапланады.

Шайырдың «Өмирбаян» қосығында лирикалық қаҳарманның көзқарасларының қәлиплесиў барысы сәўлеленген. Ол әтираптағы барлық қубылысларға саналы қатнас жасайды, ой-санасынан өткереди. Қосықта лирикалық қаҳарманның қәлеўи, ишки туйғылары, ой-пикирлери қоршаған шынлық пенен қандай да қарама-карсылыққа ушырап, үйлеспей атырған сыяқлы. Сонлықтан ол өзин «ерте писип, жаз ортада жыйналған егинге» уқсатады. Егин дурыслы тәрбия берилмесе, яки ықлым шараяты менен мас түспесе жетерли раўажланбай ўақтынан бурын писиўи мүмкин. Лирикалық қаҳарман руўҳый дүньясы менен оның қоршаған орталықтың қарым-қатнасын бериўде шайыр усылайынша жаңаша поэтикалық сөз бирикпелерин, ой-пикирлерин пайда етеди.

Жуўмақлап айтқанда, У.Хожаназаров өзиниң жанрлық изленислери менен қарақалпақ поэзиясында лирикалық жанрлардың раўажланыўына, образлар дүньясының жаңаша сыпаттағы тереӊ ойшыл лирикалық қаҳарман образы менен толысыўына, өмир қубылысларының мазмунын философиялық түсиндириўге салмақлы үлес қосты.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988; Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972; Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985; Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. –Нөкис: «Билим», 2004; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: «Билим», 1992; усы автор Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: «Билим», 2004.
2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
3. Хожаназаров У. Кеўил туйғылары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1970.
4. Хожаназаров У. Жылларым мениң. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976.
5. Хожаназаров У. Кеўил қусым. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010.



**РЕЗЮМЕ**. Мақолада шоир У.Хожаназаровнинг ҳозирги қорақалпоқ шеъриятида тутган ўрни ўрганилади. Шоир лирикасининг жанр хусусиятлари таҳлил қилинади. Муҳаббат лирикасининг жанр хусусиятлари ўрганилади. Фалсафий-медитатив лирикадаги бадиий изланишлар кўриб чиқилади. Шоирнинг публицистик лирикасидаги бадиий ҳодисалари таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изучается роль поэта У.Хожаназарова в современной каракалпакской поэзии. Анализируются жанровые особенности лирики поэта. Исследуются жанровые характеристики любовной лирики. Рассмотрены художественные исследования в философско-медитативной лирике. Анализированы художественные явления поэта в публицистической лирике.

**SUMMARY.** The article studies the role of poet U. Khozhanazarov in modern Karakalpak poetry. Genre features of the poet's lyrics are analyzed. Genre characteristics of love lyrics are studied. Artistic studies in philosophical-meditative lyrics are considered. The poet's artistic appearances in publicistic lyrics are analyzed.


## КЕҢЕСБАЙ РАХМАНОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ЭПИФОРАЛАРДЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ


**Г.П.Кудайбергенова –** *таяныш докторант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** бадиий такрор, эпифора, бадиийлик, тасвирийлик, мантиқий таъсирчанлик, қўшимча маъно, эмоционал куч, стилистик вазифа, сўз таъсири.

**Ключевые слова:** художественный повтор, эпифора, образность, логическая выразительность, дополнительный смысл, эмоциональная сила, стилистическое значение, игра слов.

**Key words:** artistic repetition, epiphora, imagery, logical expressiveness, additional meaning, emotional power, stylistic significance, wordplay.


Тил илиминде инсанның ишки сезимлерин, тәсиршеңлигин сүўретлеў ушын бир неше көркем сүўретлеў қуралларынан пайдаланады. Солардың бири көркем тәкирар болып, ол сөздиң мәнисин күшейттириў, интенсивлик ҳәм эмоционаллықты асырыў ушын хызмет етеди. Эпифора – көркем тәкирардың бир түри. «Эпифора (грек. epi – соңғы, ақырғы, phoros – алып барыўшы) сөзлеринен алынған болып, гәптиң соңында бирдей сөзлер ямаса сөз дизбеклериниң тәкирарланыўынан дүзилген стилистикалық фигура» [11:96]. «Эпифора, деп жазады Ж.Лапасов өзиниң мийнетинде, - тәкирардың бир түри болып, сеслердиң тамамланыўы деп те аталады» [9:51]. Демек, «Эпифора – көркем тил қуралларынан бири болған тәкирар көринислеринен